

# GOD'S SIMPLE PLAN OF SALVATION FROM LUKE

## I Urang sadaya atos ngalakukeun dosa.

Lukas 5:31-32 Nanging Isa anu ngawalerna, “Nu sarehat mah, teu perlu tabib. Nu perlu tabib mah, anu garering. Kami ka dunya teh lain rek nyaur nu balener, tapi rek nyaur nu daroraka, sina tobat tina dosana.”

Lukas 18:19 Waler Isa, “Naha Kami disebut saestu? Saurang ge teu aya anu saestu, kajaba ti Allah nyalira.



Urang sadaya atos ngalakukeun dosa.

## 2. Kamaotan abadi eta anu jadi milik urang kusabab dosa-dosa urang.

Lukas 16:15 Tapi saur Isa, ka aranjeunna, “Aranjeun bisa bae ngakukeun diri bener ka papada jelema. Tapi Allah mah, uninga kana pangeusi hate aranjeun. Ongkoh anu dipikaresep ku jelema teh, ari ku Allah mah dipikacua.

Lukas 9:5-6 Upama jelemana embungeun narima, tinggalkeun kotana, bari kebutkeun kekebul tina suku, minangka ngelingan ka urang dinya.” Bral, murid-murid, arindit ngadatangan desa-desa; aranjeunna ngembarkeun Injil bari nyageur-nyageurkeun anu garering.

## 3. Yesus pupus di kai salib, nyandak hukuman anu saleresna pantes jang urang— Kamaotan.

Lukas 18:13 Ari tukang cuke tea, nangtungna oge nyingkurkeun maneh, jeung teu wani dangah; malah bari jeung neunggeulan dada, — sembahyangna teh — pokna: ‘Duh Gusti Pangeran, jisim abdi rumaos dosa, taya sanes mung nyuhunkeun sih piwelas-Na.’

Lukas 19:10 Sabab Putra Manusa teh datangna rek neang jeung nyalametkeun anu poekeun jalan.”

Luke 24:46 Saur-Na deui, "Geus dituliskeun kieu: Al Masih kudu nandangan eta kabeh, dina poe nu katilu gugah deui ti antara nu paraeh.



**Christ died for sinners!**

#### **4. Anjeun ngan tiasa narima hampura, ku iman, liwat asih kurnia sareng kabageuran**

Carios Padamelan 4:12 Jalmi teh, saha bae ge, teu aya anu ngagaduhan kasalametan, iwal ti Anjeunna. Margi di sakolong langit teu aya deui jenengan anu dipaparinkeun ka manusa iwal ti eta-etana sarta ngan ku lantaran Jenengan eta, urang sadaya pitiasaeun salamet teh."

Epesus 2:8-9 Aranjeun bisa salamet soteh, nya ku sabab iman. Eta teh, ngan ku lantaran sih kurnia-Na bae; lain beunang sorangan, tapi estu anugrah ti Allah! 9 Lain beunang ihtiar aranjeun sorangan! Ulah pisan aya anu boga angkeuhan kitu!

Titus 3:5 kersa nyalametkeun ka urang. Lain pedah urang hade laku; tapi eta mah, saestu ku karana sih piwelas-Na bae; Ari Mantenna nyalametkeun urang teh, nya eta ku jalan urang geus enya-nya narima baptisan anu ngalambangkeun yen urang teh geus ngajadi hiji jelema anu anyar dijuruken sarta narima hirup anu salawasna dianyarkeun ku Ruh Allah.

#### **5. Kasadia upami anjeun nempatkeun iman anjeun ka Yesus Kristus janten Jurusalamet anjeun.**

Lukas 13:3 Cek Kami, henteu. Maraneh sorangan ge, ari henteu tarobat mah, tangtu cilaka kawas kitu.

Lukas 18:17 Cek Kami: Saenya-enyana, saha-saha anu henteu narima Karajaan Allah sakumaha budak leutik, manehna moal bisa asup ka dinya."

Rum 10:9,10, 13 Sabab upama biwir ngaku, yen Isa teh Gusti Jungjunan tur percaya dina hate, yen Anjeunna ku Allah geus digugahkeun ti nu maraot, tanwande urang ginanjar salamet. Kapan percaya teh ku hate,

ngalantarankeun urang diangken bener. Ari ngaku teh ku biwir, anu ngalantarankeun urang disalametkeun. Sabab sing saha anu sumambat ka pajenengan Pangeran, tinangtu disalametkeun.



**You must put your faith and trust in Christ alone!**

*Muhun emang gampang! Anjeun teu tiasa ngusahakeun kenging panghampura ti Allah. Anjeun teu tiasa mayar panghampura anjeun ti Allah.*

*Anjeun ngan tiasa narima hampura, ku iman, liwat asih kurnia sareng kabageuran Allah. Lamun anjeun hoyong narima Yesus janten Jurusalamet anjeun sareng narima panghampura ti Allah, ieu doa anu tiasa anjeun doakeun. Ngecapkeun doa ieu atawa doa-doa nu sanés moal nyalametkeun anjeun. Ngan saukur percanten ka Yesus Kristus anu tiasa méré panghampura kana dosa-dosa. Doa ieu ngan saukur hiji cara kanggo ngungkapkeun ka Allah iman anjeun ka Mantenna sareng ngecapkeun panuhun ka Gusti kusabab atos nyayagikeun kasalametan kanggo anjeun.*

**"Allah,**

**Abdi terang yén Abdi gaduh dosa ka Anjeun jeung pantes kenging hukuman. Tatapi Yesus Kristus tos nanggung hukuman nu kedahna ditanggung ku abdi supados liwat iman ka Anjeunna abdi tiasa dihampura. Abdi percanten pikeun kasalametan dina jero Anjeun. Hatur nuhun kanggo asih kurnia sareng panghampura Anjeun nu matak ta'jub!**

**Amin!"**